



**OTORITE LOJMAN  
SOMERVILLE**

**DOSYE BYENVINI**

**NOUVO REZIDAN**





## Kontni

<b>LÈT DIREKTÈ EGZEKITIF</b> .....	3
<b>AVI PEMAN LWAYE</b> .....	4
<b>EGZIJANS RESÈTIFIKASYON ANYÈL &amp; RESÈTIFIKASYON PWOVIZWA</b> .....	5
<b>PWOSEDI EVAKYASYON IJANS SHA</b> .....	6
<b>REPARASYON ak LÒD TRAVAY</b> .....	7
<b>RÈGLEMAN ÈKONDISYON</b> .....	8
<b>KAT REYITILIZAB &amp; RECHAJAB &amp; KİYÒSK</b> .....	9
<b>AVI SEKIRITE PIBLIK</b> .....	10
<b>KONSÈY SEKIRITE PIBLIK ENPÒTAN &amp; ENFÒMASYON</b> .....	11
<b>RÈGLEMAN POU SEZON LETE</b> .....	12
<b>AVI SOU LWA PLON POU LOKATÈ</b> .....	13
<b>RÈGLEMAN SAN-LAFIMEN</b> .....	17
<b>RÈGLEMAN PAKING</b> .....	19
<b>RÈGLEMAN POU KLE PÈDI</b> .....	22
<b>RÈGLEMAN BÈT KAY AK PWOSEDI</b> .....	23
<b>AVI POU TOUT LOKATÈ: ENFÒMASYON SOU VYOLANS DOMESTIK, AGRESYON SEKSYÈL, VYOLANS NAN RANKONT AK ASÈLMAN NAN LOJMA PIBLIK ETA FINANSE</b> .....	26
<b>DWA AK RESOUS POU LOKATÈ AK ANSYEN MÈT KAY NAN FEN KONTRA</b> .....	27



## LÈT DIREKTÈ EGZEKITIF LA

Chè Nouvo Rezidan,

Nan non tout ekip travayè nou yo, nou swete w byenvini nan Somerville Housing Authority (SHA) (Otorite Lojman Somerville).

Depi plis pase 75 lane, SHA fyè ofri lojman abòdab pou fanmi ki gen revni ba ak mwayen ak moun ki aje nan Somerville. Kounye a, SHA jere pwojè nan tout vil la, kote plis pase 1,300 rezidan ap viv. Chak jou, ekip nou an travay di pou depase misyon nou, ki se ofri lojman desan, sekirize, epi pwòp. Atravè efò nou, nou ap fè tout sa ki posib pou nou pote lojman ak sèvis ki genyen pi bon kalite chak jou.

Pou ede fè demenajman w pi fasil, nou ofri w **DOSYE BYENVINI** sa a. Anplis kontra lwaye w la, dosye sa a genyen enfòmasyon esansyèl w dwe konnen antanke nouvo rezidan. La w pral jwenn:

- Enfòmasyon sou Manadjè Lojman w ak lòt kontak enpòtan
- Enfòmasyon enpòtan tankou opsyon pou peye lwaye, enfòmasyon sou re-sètifikasyon chak ane ak pwovizwa, enfòmasyon si w se yon viktim vyolans domestik, ak Dwa ak Resous Vil Somerville pou lokatè ki nan fen kontra yo
- Pwosedi evakyasyon, enfòmasyon sou Sekirite Piblik ak Règ Sekirite pandan sezon lete
- Enstriksyon sou kijan pou fè demann pou travay reparasyon, règleman pou enstalasyon èkondisyone, ak enfòmasyon sou sal lesiv
- Règleman SHA ki esplike dwa ak obligasyon w (Avi sou Lwa Plon pou Lokatè, Règleman San-Lafimen, Règleman Paking, Règleman pou Kle Pèdi ak Règleman sou Tretman Bèt Kay)

Ankò yon fwa, nou swete ke demenajman w ak sejou w avèk SHA a byen pase. Tanpri note ke Manadjè Lojman w disponib pou reponn nenpòt kesyon w genyen sou lojman w. Anplis, Depatman Sèvis Rezidan nou an disponib pou diskite nenpòt enkyetid oswa bezwen espesyal, pwogram yon vizit, oswa enfòmasyon w sou pwogram rezidan SHA yo.

Nou swete w tout pi bon bagay epi nou swete w byenveni nan kominote nou an.

Salitasyon,

Diane L. Cohen  
Direktris Egzekitif



## AVI PEMAN LWAYE

Lwaye yo peye bay: **SOMERVILLE HOUSING AUTHORITY**

**Lwaye dwe peye premye jou travay chak mwa. Si lwaye w la pwal an reta, w sipoze avize manadjè w.**

### **OPSYON POU PEYE LWAYE W**

Nou ap fè w sonje ke gen twa jan w ka peye lwaye w:

**1) Pou chèk oswa manda lapòs pa Lapòs :**

Somerville Housing Authority  
P.O. Box 277  
Medford, MA 02155

**2) Peye an pèsòn nan Eastern Bank—kash oswa chèk—nan:**

102 Fellsway West, Somerville  
503 Riverside Ave., Medford or  
647 Massachusetts Ave., Cambridge

**3) Debi otomatik sou kont labank w:**

Si w chwazi opsyon sa a, tanpri ranpli **Fòmilè Retrè Otomatik Lwaye Mansyèl**

**ASIRE REMÈT KOUPEON LWAYE AK PEMAN W YO SINON YO PAP PASE!**



## RÈGLEMAN SOU RESÈTIFIKASYON ANYÈL & RESÈTIFIKASYON ENTERIM

### RESÈTIFIKASYON ANYÈL

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) (**Lojman Piblik Federal & Lojman Fanmi Miltip**) ak Biwo Egzekitif pou Lojman ak Kominote Vivab (EOHLC) (**Lojman Piblik Eta**) egzije ke SHA revize enfòmasyon ki enpòtan sou revni fwayej w, travay, si w toujou elijib, ak konpozisyon fanmi w chak ane pou reevalye lwaye w.

Manadjè lojman w a ap trete resètifikasyon w epi li ap voye yon avi rapèl lè li lè pou pwochen entèvyou resètifikasyon w. Fè resètifikasyon chak ane w **OBLIGATWA**. Si w pa ranpli resètifikasyon chak ane, sa ka lakòz revokasyon kontra lwaye w.

### RESÈTIFIKASYON PWOVIZWA

Pou asire ke lokatè ki resevwa asistans yo peye lwaye ki koresponn ak kapasite yo pou yo peye, lokatè yo dwe bay enfòmasyon ki ap sèvi nan yon resètifikasyon pwovizwa sou revni fanmi an ak konpozisyon li, an akò ak kondisyon HUD ak Eta a.

Tout lokatè yo **dwe** notifie SHA sou:

- Yon chanjman nan konpozisyon fanmi an: Yon manm fanmi kite kay la oswa yon manm fanmi pwopoze pou antre nan inite a. (**\*Nouvo manm yo ap evalye pa SHA epi resevwa apwobasyon alekri anvan yo antre.**)
- Yon ogmantasyon nan revni total fanmi an ki rive oswa depase \$200 pa mwa (**Lojman Fanmi Miltip**).
- Yon ogmantasyon 10% anplis konpare ak montan ki te nan dènye avi sou evalyasyon lwaye a (**Lojman Piblik Federal & Lojman Piblik Eta**).
- Yon manm granmoun nan fanmi an ki te rapòte kòm san travay nan dènye sètifikasyon oswa resètifikasyon an jwenn yon travay.
- Yon chanjman nan sitwayènte oswa estati imigrasyon elijib pou nenpòt manm fanmi a.

Tout lokatè yo **kapab** notifie SHA sou:

- Bès nan revni, tankou pèdi travay, rediksyon nan kantite èdtan travay yon manm fanmi ki anplwaye, ak pèt oswa rediksyon nan revni asistans sosyal.
- Yon ogmantasyon nan alokasyon (egzanp: kantite moun depandan, yon nouvo depans asistans pou andikape, ogmantasyon depans medikal, depans swen timoun ki monte).
- Lòt chanjman ki afekte kalkil revni anyèl oswa ajiste fanmi an, tankou yon manm fanmi ki rive nan 62 an, vin yon etidyan a plen tan, oswa vin yon moun ki gen yon andikap



## PWOSEDI EVAKYASYON IJANS SHA

Pou sekirite fwaye w, tanpri revize epi swiv pwosedir evakyasyon SHA yo sizoka ta gen ijans. Asire w konnen ki kote eskalye yo ak sòti ijans yo ye nan bilding w.

### **NENPÒT KILÈ, si w WÈ DIFE oswa WÈ OSWA PRAN SANT LAFIMEN nan bilding la, RELE 911**

- **Evakye** bilding la nan eskalye ki pi pre w la.

### **Si w TANDE ALAM DIFE A**

- **PA JANM SÈVI AK ASANSÈ A, TOUJOU SÈVI AK ESKALYE KI PI PRE W LA.**
- Anvan w deplase, **manyen manch pòt la pou wè si li pa cho.**
- Kanpe dèyè pòt la epi louvri li dousman. Pare pou w fèmen li si sa ta nesèsè.

### **Si gen yon DIFE nan APATMAN W, RELE 911**

- **DEPLASE TOUSWIT.** Pa chache ranmase anyen.
- Fèmen pòt pyès kote dife a ye a epi fèmen pòt apatman w la.
- **Aktive alam dife ki pi pre w la (sou bwat pou rale a).** Tann ponpye yo nan resepsyon a pou w bay presizyon sou kote dife a pran.

### **Si PÒT la CHO, PA LOUVRI LI**

- Bare fant anba pòt la ak yon sèvyèt mouye.
- **RELE 911** epi fè yo konnen ke w toujou anndan apatman an.

### **Si LAFIMEN an TWÒP NAN KOULWA A**

- **Pa antre nan koulwa a. RELE 911** epi fè yo konnen ke w toujou anndan apatman an.

### **Si w pran sant gaz, RELE 911**

SHA kenbe yon lis nan chak pwojè ki gen rezidan ki andikape ak moun ki ka bezwen asistans pou evakye bilding lan. Lis sa a disponib pou Depatman Ponpye Somerville.

Si gen yon nesèsite pou evakye bilding lan, SHA ap travay ak rezidan yo pou jwenn lojman altènatif lakay fanmi, zanmi, Lakwa Wouj, ak lòt resous.



## REPARASYON ak LÒD TRAVAY

### Kijan pou Avize pou yon Reparasyon nan Apatman w oswa Blding la

SHA travay di pou asire tout bagay nan apatman w ak nan bilding lan mache byen. Men, si w jwenn nenpòt bagay nan apatman w oswa nan bilding lan ki bezwen reparasyon, tanpri **RELE ANTRETYEN SHA** pou rapòte reparasyon ki nesèsè a epi jwenn yon **NIMEWO LÒD TRAVAY**.

### Kisa yon Lòd Travay ak yon Nimewo Lòd Travay?

Anplwaye Antretyen SHA prepare yon lòd travay ak yon nimewo lòd travay chak fwa rezidan yo rele pou mande yon reparasyon. Yon lòd travay dekri nati reparasyon an epi anrejistre dat ak lè demann lan fèt. Nimewo lòd travay yo pèmèt anplwaye SHA swiv chak reparasyon pi fasil. **Pou asire pwoblèm yo rezoud rapidman, w sipoze jwenn epi kenbe nimewo lòd travay w chak fwa w rele pou mande yon reparasyon.**

**Tanpri, PA MANDE anplwaye antretyen nan bilding w a fè reparasyon.**

*Travayè antretyen yo pap fè reparasyon nan apatman w toutotan yon lòd travay pa kreye.*

### POU MANDE REPARASYON OSWA POU RAPÒTE YON PWOBLEM ANTRETYEN IJAN

Rele **617-625-4522**.

#### Resewa yon NIMEWO LÒD TRAVAY.

Entèvansyon anplwaye yo pou demann reparasyon yo pa ta dwe depase 14 jou.  
Entèvansyon anplwaye yo pou reparasyon ijans yo ta dwe fèt nan 24 a 48 èdtan.

**Si antretyen pa reponn pwoblèm w nan yon delè rezonab, tanpri rele Direksyon SHA nan 617-625-1152.**



## RÈGLEMAN POU ÈKONDISYONE

- Èkondisyon ka komanse enstale a pati **1e Me**.
- Yon èkondisyon pou fenèt pa otorize nan yon pyès ki genyen sèlman yon fenèt, akòz regleman sou evakyasyon ijans.
- Èkondisyon ka enstale sèlman sou pati anba fenèt la.
- Èkondisyon yo sipoze retire pa pita ke **1e Novanm**. W ka kite èkondisyon tout ane a si:
  - Bilding w a fèt ak yon anplasman pou èkondisyon.
  - W menm oswa yon moun nan fwaye w gen yon dispans ki apwouve pa SHA akòz yon andikap oswa yon rezon medikal.

### ENFÒMASYON ÈKONDISYON POU ANSYEN PWOJÈ:

[BRADY TOWERS, BRYANT MANOR, CIAMPA MANOR, CORBETT APARTMENTS, HAGAN MANOR HIGHLAND GARDEN, PROPERZI MANOR, WESTON MANOR](#)

- Tanpri, pa eseye enstale èkondisyon w poukont w. Èkondisyon yo pa ta dwe enstale ni pa w ni pa yon manm fanmi w.
- Antretyen SHA ap enstale èkondisyon w pou w. Tanpri fè yon demann lòd travay lè w rele (617) 625-4522.

### ENFÒMASYON ÈKONDISYON POU PWOJÈ FANMI


[MYSTIC VIEW, MYSTIC RIVER, SYCAMORE STREET, FOUNTAIN AVENUE](#)

- Pou yon frè \$25, Antretyen SHA ap enstale èkondisyon w pou w. Tanpri rele (617) 625-4522 pou mande yon lòd travay.
- Èkondisyon yo dwe enstale san danje. Règleman ak Enstriksyon pou Èkondisyon yo disponib sou [www.sha-web.org](http://www.sha-web.org). Klike sou "Policies and Procedures," epi klike sou "AC Installation." Manadjè lojman w la tou kapab bay enstriksyon sa yo.
- SHA ap fè enspeksyon sou enstalasyon an. Notifye manadjè lojman w nan pwochen jou travay la apre enstalasyon an pou pwogram yon enspeksyon.
- Si yon èkondisyon pa enstale kòrèkteman, y ap retire l. Si yo retire l, w pral oblije peye yon frè \$25 pou anplwaye SHA re-enstale li.





## KAT LESIV REYITILIZAB & REHAJAB & KIYÒSK



### How it works:

- \*A reusable smart card stores a dollar balance
- \*To start a machine, apply care to the card reader
- \*To reload the balance, use the Value Add Center kiosk
- \*Supported by online management and convenience apps

### The kiosk will accept:

- \*Credit/Debit Cards (EMV/Chip Cards accepted)
- \*Mobile Wallet (ApplePay/AndroidPay)

### Aquí te explicamos cómo funcionará:

- \* Con una tarjeta inteligente reutilizable, tendrás un saldo en dólares para usar en las máquinas.
- \* Para comenzar a usar una máquina, simplemente desliza tu tarjeta en el lector.
- \* Para recargar tu saldo, usa el kiosco del Centro de Recarga.
- \* Además, puedes administrar todo en línea o con prácticas Apps.

### El kiosco aceptará:

- \* Tarjetas de crédito/débito (también se aceptan tarjetas con chip EMV).
- \* Wallet (ApplePay/AndroidPay)

### Kijan li fonksyone:

- \*Yon kat ou kapab itilize plizyè fwa ki gen yon pis elektwonik, estoke kòb ou genyen sou kont ou a an dola
- \*Pou ou demare yon machin, fè atansyon ak lektè kat la
- \*Pou w rechaje kont ou, itilize kyòs Value Add Center la
- \* Li baze sou jesyon anliy ak sou aplikasyon Pratik

### Kyòs la ap aksepte:

- \*Kat Kredi/Debi (Kat EMV/Kat ki gen pis elektwonik)
- \*Bous mobil (ApplePay/AndroidPay)

### Como funciona:

- \*Um cartão inteligente reutilizável armazena um saldo em dólares
- \*Para ligar uma máquina, coloque o cartão no leitor de cartões
- \*Para recarregar o saldo, utilize a instalação do Centro de Soma de Valores (Value Add Center)
- \*Apoiado por aplicativos de gerenciamento online e conveniência
- A instalação aceitará:
  - \*Cartões de Crédito/Débito (Cartões de EMV/Chip são aceitos)
  - \*Carteira Móvel (Mobile Wallet - ApplePay/AndroidPay)

Card and card readers use contactless technology. No inserts, no wear-and tear. Simply place and present the card.

Nuestras tarjetas y lectores funcionan con tecnología sin contacto (contactless). No hay necesidad de insertarlas ni preocuparse por el desgaste. Simplemente acerca tu tarjeta.

Kat yo ak lektè kat yo itilize teknoloji san kontak. Pa gen kote pou foute kat la, pa gen andomajman. W ap sèlman plase epi prezante kat la.

Cartões e leitores de cartões utilizam tecnologia sem contato. Sem inserções, sem desgastes. Simplesmente coloque e apresente o cartão.



**If you have any questions, please contact your Housing Manager.**  
**Si tienes alguna pregunta, no dudes en ponerte en contacto con tu Administrador de Vivienda.**  
**Si ou genyen kesyon, tanpri kontakte jesyonè lojman ou an.**  
**Se tiver dúvidas, entre em contato com seu Gerente de Habitação.**



## AVI SEKIRITE PIBLIK

Misyon Depatman Sekirite Piblik Somerville Housing Authority (SHA) se ede rezidan yo kenbe yon anviwònman kote yo ka viv an sekirite. Depatman Sekirite Piblik nou an lokalize nan **35 Memorial Road, Somerville, Massachusetts**. Kounye a, nou gen youn oswa de polisye ki ap travay nan chak shif. Yon ofisye an sèvis soti 10:00 a.m. rive 6:00 p.m. ak yon lòt soti 5:00 p.m. rive 1:00 a.m. pandan jou lasemèn.

Depatman Sekirite Piblik SHA a travay kole kole ak Depatman Polis Somerville pou asire sekirite rezidan nou yo. **Si gen yon krim ki ap fèt oswa yon ijans, tanpri rele 911**. Depatman Polis Somerville ap voye repons nesèsè pou plent w a.

Zòn piblik nan kèk bilding toujou anba siveyans videyo. Sekirite ak anplwaye jesyon yo ka revize anrejistreman videyo an dirèk oswa achiv epi nan sèten sikonstans kapab bay otorite yo aksè.

Si gen yon pwoblèm sekirite ki poko rezoud nan bilding w a tankou vandalis, moun ki ap donnen nan koulwa yo, oswa aktivite dwòg sispèk, ede nou kenbe yon anviwònman ki an sekirite lè w rele Manadjè Lojman w, yon Ofisye Sekirite Piblik, oswa liy enfòmasyon SHA a nan 617-628-1258. Yo tcheke mesaj sou liy sa a pandan lè travay Sekirite Piblik epi li pa pou ijans. Moun ki rele yo ka rete anonim. W **PA** oblije bay non w, epi nou pa kapab idantifye moun ki rele sou telefòn sa a. Tanpri bay plis detay w kapab. Si w gen yon sitiyoasyon ki pa yon ijans, w ka rele Depatman Sekirite Piblik SHA pandan lè travay nòm al.

Angaje w epi ede pwoteje anviwònman w! Estatistik yo montre ke yon mwayen efikas pou anpeche krim se patisipasyon rezidan yo. Lè moun nan yon katye pran swen youn lòt epi kolabore ak lajists, krim diminye. Nou pa mande w pou mache ak zam, ni pou arete okenn moun ki sanble sispèk. Men, sa mande chak rezidan pou yo pi aktif nan rapòte aktivite oswa moun sispèk bay otorite ki apwopriye yo. Se poutèt sa, nou ankouraje chak rezidan pou yo konnen vwazen yo epi rete vijilan pou nenpòt aktivite oswa moun sispèk sou pwopriyete a.

Pa ezite kontakte SHA ak kesyon w konsènan paking, sekirite, prevansyon krim, prevansyon dife ak preparasyon anvan dezaz.

Telefòn: 617-625-1152  
Fax: 617-628-7057  
TDD/TTY: 617-628-8889  
LIY ENFÒMASYON ANONIM: 617-628-1258



### Anplwaye Sekirite Piblik:

Direktè Sekirite Piblik Daniel Meade	Ext. 338	<a href="mailto:danm@sha-web.org">danm@sha-web.org</a>
Envestigatè Sean Browne	Ext. 339	<a href="mailto:seanb@sha-web.org">seanb@sha-web.org</a>
Envestigatè William Rymill		<a href="mailto:williamr@sha-web.org">williamr@sha-web.org</a>
Envestigatè Michael de Bethencourt		<a href="mailto:michaeld@sha-web.org">michaeld@sha-web.org</a>





## IMPORTANT PUBLIC SAFETY TIPS & INFORMATION

- Toujou klete pòt w lè w lakay w, epi fèmen pòt ak fenèt w lè w soti.
- Si w jwenn pòt w louvri ak zouti, retire zouti la, fèmen li, epi take yo ak kle.
- Rapòte nenpòt aktivite sispèk nan koulwa w bay Sekirite Piblik oswa Depatman Polis Somerville.
- Nan bilding ki gen sistèm sonèt, pa kite moun w pa konnen antre.
- Di vizitè w yo toujou sonnen pou yo ka antre nan apatman w.
- Si w remake nenpòt danje oswa danje potansyèl, tankou seri pòt ki kase oswa limyè koulwa ki etenn, rapòte sa bay Depatman Antretyen nan 617-625-4522.
- Asire w w anrejistre machin fwaye w ak Manadjè Lojman w pou w ka jwenn yon **etikèt pakin SHA**.
- Chak machin ki pa gen yon etikèt pakin SHA oswa ki pake ilegalman ap resevwa tikè oswa ka remoke sou kont pwopriyetè a.
- Règleman paking Vil Somerville aplike pa Sekirite Piblik.
- Asire w vizitè w yo ap pake nan zòn paking vizitè yo nan chak pwojè. SHA pa bay oswa rekonèt okenn Pèmi Vizitè nan okenn nan pwopriyete nou yo.
- Sonje deplase ak kle apatman w. Rezidan ki bezwen èd pou antre ap oblije peye yon frè chak fwa apre **dezyèm** fwa sa rive.
- Lè w gen envite lakay w, evite fè zak ilegal, fè twòp bri oswa fè nenpòt lòt aktivite ki ka afekte lapè ak trankilite lòt rezidan yo.
- Paran yo ta dwe toujou okouran aktivite timoun yo epi yo ap responsab pou aksyon yo.
- Tout aktivite espò yo entèdi ant bilding devlopman fanmi yo epi yo sipoze fèt nan zòn ki fèt pou sa, nan pak oswa lakou rekreyasyon.
- Rezidan yo entèdi fimen nan inite yo, nan koulwa bilding lan, nan espas kominotè yo oswa nan biwo administratif yo.
- Manipile, bloke oswa dezaktive yon detektè lafimen entèdi epi li kont lalwa.
- Lè alam dife sonnen, toujou mete nan tèt w se pa yon egzèsis epi evakye rapid san tann.
- Lè w ap fèk antre nan nenpòt apatman, lokalize sòti evakyasyon ki pi pre a epi deside yon kote lwen bilding lan pou fanmi w rankontre.

**Pou plis enfòmasyon sou Règleman SHA, tanpri vizite sit entènèt nou nan  
[www.sha-web.org](http://www.sha-web.org)**



## RÈGLEMAN SEKIRITE POU SEZON LETE

### **PISIN YO:**

- Sèlman ti pisin ki fèt pou timoun piti yo otorize.
- Pisin yo dwe depoze sou yon sifas ki pave epi janmè sou zòn ki gen zèb.
- Lè pisin yo pa ap sèvi, yo **sipoze** vide ak prekosyon nan rigòl drenaj.
- Pisin yo dwe soti nan teren/zòn komen anvan 10:00 p.m.
- Timoun yo pa sipoze **janm** rete san sipèvizyon.
- Apre pisin lan fin plen, dlo a **dwe** fèmen.
- Espre pou wouze oswa kawotchou ki ap vide dlo san rete pa otorize.
- Akòz pri dlo ak efò konsèvasyon, SHA ap kontwole epi li ka limite itilizasyon dlo deyò a.
- Lokatè yo ka responsab pou domaj ki fèt nan pwopriyete SHA nan move itilizasyon dlo, epi SHA gen dwa pou sispann sèvis dlo deyò a.

### **BABEKYOU:**

- Gril pwopan (gaz) otorize sou pwopriyete SHA, men **SHA sipoze bay otorizasyon pou kote w ap mete li. Gril la dwe sekirize epi estoke deyò. SHA gen dwa retire nenpòt grill li jije pa an sekirite oswa ki pa byen estoke.**
- **Pa** estoke boutèy pwopan nan koulwa, apatman, sousòl, oswa machin. **Sa strikteman entèdi.**
- Gril chabon pa otorize.
- Babakyou otorize sèlman nan zòn antre dèyè yo.
- Gril cho yo dwe toujou anba je yon granmoun.
- **Konsome alkòl deyò entèdi**, menm nan vè oswa tas. **Sa ilegal.**

### **BRI/FÈT:**

- Bri radyo, espikè Bluetooth ak televizyon yo pa ta dwe soti deyò apatman w, kèlkeswa lè nan jounen an.
- Vizitè w yo dwe fè silans lè y ap antre/soti nan apatman an oswa sou pwopriyete SHA.
- Lè trankilite kòmanse a 10:00 p.m.
- Respekte vwazen w yo, fè politès epi **pa** oblije yo rele lapolis.

### **FE DATIFIS:**

- Fe datifis yo ilegal epi yo entèdi nan devlopman an nenpòt ki lè.

### **ÈKONDISYONE:**

- Èkondisyon yo dwe enstale san danje. Rezidan yo ka mande SHA enstale li pou yon frè \$25.00 oswa mande enstriksyon enstalasyon nan men anplwaye antretyen SHA. **Si yon èkondisyon pa byen enstale, yo ap retire li.** Si yo retire li, lokatè yo ap oblije peye yon frè \$25.00 pou anplwaye SHA re-enstale li.

**Mèsi pou koperasyon w.**

**Tanpri rele Manadjè Lojman w si w genyen kesyon sou Règleman Sekirite sa yo.**



## AVI SOU LWA PLON POU LOKATÈ

### **Ki fòmilè penti plon pwopriyetè kay lokasyon sipoze remèt nouvo lokatè yo?**

Anvan w lwe yon kay ki konstwi anvan 1978, pwopriyetè a ak nouvo lokatè a sipoze siyen 2 kopi Avi Sou Lwa Plon Pou Lokatè ak Fòmilè Sètifikasyon Lokatè, epi pwopriyetè a dwe remèt lokatè a youn nan kopi ki siyen yo pou l kenbe. Si okenn nan fòmilè sa yo egziste pou kay la, lokatè a sipoze resevwa kopi yo: enspeksyon pou plon oswa rapò evalyasyon danje, Lèt Konfòmite, oswa Lèt Kontwòl Pwovizwa. Fòmilè sa a la pou konfòmite ak règleman avi sou plon Massachussets ak federal.

### **Kisa anpwazonman plon ye epi kiyès ki gen an danje pou plon anpwazone yo?**

Anpwazonman plon se yon maladi. Li pi danjere pou timoun ki poko rive 6 an. Li ka lakòz domaj pèmanan nan sèvo timoun piti, ren yo, sistèm nève ak globil wouj. Men nan ti kantite, plon nan kò timoun ka ralanti kwasans epi lakòz pwoblèm pou aprann ak konpòtman. Jèn timoun pi fasil pou sibi anpwazonman grav ke lòt moun, men timoun ki pi gran ak granmoun ka sibi anpwazonman tou. Plon nan kò yon fanm ansent ka domaje bebe a anvan li fèt epi bay pwoblèm pandan gwosès la. Granmoun ki pwazonnen ka genyen pwoblèm pou fè timoun, epi tansyon yo ka monte, pwoblèm lestomak, pwoblèm nève, pwoblèm memwa ak doulè mis ak jwenti.

### **Kijan timoun ak gramoun vin pwazonnen ak plon?**

Yo jwenn plon nan penti anndan ak deyò kay ki konstwi anvan 1978. Penti plon nan kay sa yo lakòz tout anpwazonman plon timoun. Jan prensipal timoun yo pwazonnen se lè yo vale pousyè ak moso penti plon. Plon si tèlman danjere ke menm yon ti kras ka pwazonnen yon timoun. Penti plon anba plizyè kouch penti nòmal toujou kapab pwazonnen timoun, sitou lè li sibi domaj nan sèvis nòmal ak reparasyon.

Pousyè epi kal penti plon nan fwaye soti nan sifas ki ap dekale; Penti plon sou ankadreman ak pati ki deplase oswa fwote nan fenèt; Penti plon sou sifas ki abitye frape oswa yo mache sou yo, tankou planche, galri devan kay, eskalye ak chapant; epi penti plon sou sifas ki resoti kote bouch yon timoun ka rive tankou ankadreman fenèt.

Majorite anpwazonman plon koze pa konpòtman nòmal timoun tankou mete men yo oswa lòt bagay nan bouch yo. Si men yo oswa objè sa yo te an kontak ak pousyè plon, sa ka lakòz plon antre nan kò yo. Yon timoun ka jwenn plon lòt kote tankou nan tè ak dlo, men sa yo pa ase pou koze anpwazonman poukont yo. Yo kapab jwenn plon nan tè alantou ansyen kay ki te pentire ak plon. Si timoun yo jwen nan tè ki genyen plon, oswa manje legim ak fwi ki grandi nan tè sila yo, oswa si yo bwote tè ki gen plon anndan kay la epi li vin kontamine men yo oswa jwèt yo, plon ka antre nan kò yo. Majorite anpwazonman granmoun rive lè yo respire oswa vale pousyè plon nan travay, oswa si yo viv nan ansyen kay, lè yo ap fè reparasyon.



## **Kijan pou w konnen si yon moun anpwazonnen?**

Pi fò moun ki pwazonnen nan plon pa gen sentòm patikilye. Sèl jan pou w konnen si yon timoun oswa yon granmoun anpwazonnen se ak tès san. Timoun nan Massachussetts sipoze teste omwen yon fwa chak ane depi laj 9 mwa-1 an jis yo rive 4 an. Doktè w, oswa lòt founisè sèvis medikal w oswa Depatman Sante ka fè sa. Yon timoun ki pwazonnen pa plon ap bezwen swen medikal. Yon kay ki genyen penti plon sipoze trete pou retire tout plon anvan timoun ki pwazonnen an rekipere.

## **Ki kalite kay ki ka plis genyen penti plon?**

An 1978, gouvènman Etazini entèdi plon nan penti pou kay. Li posib pou jwenn penti plon nan plizyè kalite kay ki konstwi anvan 1978: nan kay pou fanmi senp oswa miltip; kay ki nan vil, banlye oswa lakanpay; lojman prive oswa lojman piblik eta oswa federal. Plis kay la ansyen, plis li gen chans genyen penti plon. Plis penti a ansyen ap kòz ou jwenn plis plon ladanl.

## **Eske reparasyon nòmal nan kay ka lakòz anpwazonman plon?**

Gen danje pou pwazonnen ak plon nenpòt lè sifas ki pentire anndan kou deyò kay la yo grate pou repentire, oswa bwa kay la grate oswa chanje, oswa fenèt oswa mi deplase. Sa se paske penti plon prezan nan preske tout kay nan Massachussetts ki konstwi anvan 1978, epi anpil kay nan massachussetts ansyen anpil. Prekosyon espesyal sipoze pran nenpòt lè reparasyon ap fèt nan kay la. Pèsonn pa sipoze sèvi ak sable elektrik, tòch, oswa fizi chalè pou retire penti plon, paske metòd sa yo bay anpil pousyè ak lafimen plon. Mande mèt kay la si yo te fè enspeksyon plon. Rapò enspeksyon an ap di w ki sifas ki genyen penti plon epi ki nesosite prekosyon nan preparasyon anvan travay, pandan travay la, epi nan netwayaj apre travay la. Demenaje fanmi w pandan tan travay ak netwayaj la ap fèt (sitou timoun ak fanm ansent). Si sa pa posib, tepe prela plastik pou bare zòn kote travay la ap fèt. Pèsonn pa sipoze fè reparasyon nan kay ansyen san yo pa aprann prekosyon pou pran pou fè travay la pou redwi danje pousyè plon. Santèn ka pwazonman timoun ak granmoun rive chak ane nan kad reparasyon kay.

## **Kisa w ka fè pou evite anpwazonman plon?**

- Pale ak doktè pitit w sou plon.
- Fè tès plon pou pitit w omwen yon fwa chak ane jis li rive 4 lane.
- Mande mèt kay la si yo te elimine plon nan kay w a oswa rele Childhood Lead Poisoning Prevention Program (CLPPP)(Pwogram Prevansyon Anpwazonman Plon pou Timoun) eta a nan 1-800-532-9571 oswa [www.mass.gov/dph/clppp](http://www.mass.gov/dph/clppp). W ka tcheke ak biwo lokal Depatman Sante tou.
- Avize mèt kay la si w genyen yon ti bebe, oswa si yon timoun ki gen mwens pase 6 an rete avèk w.
- Si yo te elimine plon nan kay w, men li gen penti ki ap dekale, di oswa ekri mèt kay la sou sa. Si li pa reponn, rele CLPPP oswa Depatman Sante lokal w a.
- Asire w ke yo sèvi ak metòd sekirize pou pentire oswa fè reparasyon nan kay w, epi pou netwayaj apre a tou.



- Si kay w pa trete pou plon, w ka fè kèk bagay pou redwi chans kontamine pitit w ak plon pandan yon tan. W ka netwaye kay w souvan ak sèvyèt papyè ak nenpòt detèjan epi dlo tyèd pou siye pousyè ak kal penti. Fwote fò pou retire plis plon w kapab. Lè w fini, mete sèvyèt sal yo nan yon sache plastik epi jete yo. Kote pou w netwaye plis se ankadreman fenèt yo ak planche yo. Lave men pitit w souvan (sitou anvan manje oswa dòmi) epi lave jwèt pitit w, bibwon ak sison yo souvan. Aisre w pitit w manje manje ki gen anpil kalsyòm ak fè epi evite manje ak goute ki gen anpil grès. Si w panse tè lakay w ka genyen plon, fè yo teste li. Sèvi ak yon tapi devan pòt deyò yo pou anpeche tè antre anndan kay w. Kouvri tè ki genyen plon ak gazon oswa plant, epi sèvi ak tapi, rip bwa oswa lòt materyèl pou kouvri sòl anba balanswa ak glisad. Plante jaden w lwen kay ki ansyen, oswa nan pòt ak tè ki nèf. Sonje, sèl jan w ka diminye danje anpwazonman plon pou pitit w se trete kay w pou elimine plon si li genyen penti plon.

### **Kijan pou w idantifye zòn kote penti plon ka kòz danje nan yon kay?**

Sèl jan pou w si se pou w mande yon enspeksyon pou plon oswa yon evalyasyon danje. Enspektè plon a pwal teste sifas anndan kay w epi remèt mè kay la yon rapò ki ap di w kibò ki genyen plon ki depase limit lwa eta a bay. Pou kontwòl enterim, ki se yon jan pou w sekirize kay w kont danje plon, yon evalyatè danje ap fè yon enspeksyon pou plon epi yon evalyasyon danje. Pandan evalyasyon a, yo ap tcheke kay la pou danje plon ki pi enpòtan yo, ki sipoze rezoud sanzatann. Evalyatè danje ap remèt mè kay la avèk w yon rapò ekri sou zòn ki genyen twòp plon ak lòt danje plon ki ta genyen. Enspektè ak evalyatè plon yo resewva fòmasyon, diplòm nan men Depatman Sante Piblik, epi yo genyen eksperyans pou sèvi ak metòd leta apwouve pou teste pou penti plon. Metòd sa yo sèvi ak silfid sodyòm likid, yon machin fliyoresan reyon-x mobil oswa tè laboratwa sou echantyon penti. Wap jwenn yon lis enspektè plon ak evalyatè danje sou [www.mass.gov/cph/clppp](http://www.mass.gov/cph/clppp).

### **Nan Massachussetts, kisa yon mè kay ki konstwi anvan 1978 dwe fè si yon timoun ki poko genyen 6 an ap viv ladanl?**

Yon mè yon kay ki konstwi anvan 1978 nan Massachussetts sipoze fè enspekte kay la pou plon si yon timoun ki poko genyen 6 an ap viv ladanl. Si yo jwenn danje plon, kay la sipoze trete oswa sibi yon kontwòl enterim. Sèl yon espesyalis plon otorize kapab fè travay danjere elimine plon, tankou retire penti plon oswa repare kote ki dekale. W ka jwenn yon lis espesyalis plon otorize nan men Depatman Travay ak Devlopman Mendèv eta a. Espesyalis plon sa yo antrene pou sèvi ak metòd sekirize pou preparasyon anvan travay la, elimine plon a, epi netwaye. Swa yon espesyalis plon, mè biznis la oswa yon moun ki travay pou mè biznis la ki pa anrejistre pou elimine plon kapab fè kèk lòt travay eliminasyon plon ak lòt travay kontwòl pwovizwa. Mèt biznis sa yo ak anplwaye yo sipoze gen fòmasyon espesyal pou fè travay elimine plon yo fè a. Lè travay la fini, enspektè plon a oswa evalyatè danje a ap enspekte kay la. Yo kapab pran echantyon pousyè pou teste yo pou plon, pou asire yo ke kay la byen netwaye. Si tout bagay anfòm, li ap remèt mè kay la yon Lèt Konfòmite oswa yon Lèt Kontwòl Pwovizwa. Apre li resewva youn nan lèt sa yo, mè kay la sipoze jere kay la epi asire pa genyen penti ki ap dekale.



## Kisa ki yon Lèt Konfòmite?

Se yon dokiman legal ki dapre lwa eta a ki di ke swa pa genyen danje penti plon oswa ke kay la trete pou elimine plon. Lèt la siyen epi date pa yon enspektè plon otorize. Kisa ki yon Lèt Konwòl Pwovizwa? Se yon dokiman legal dapre lwa eta a ki di ke travay ki te nesèsè pou sekirize kay la tanporèman kont danje plon enpòtan te fèt. Lèt la siyen epi date pa yon evalyatè danje otorize. Li valab pou yon ane men li ka renouvle pou yon lòt. Mèt kay la sipoze elimine plon nan kay la nèt epi jwenn yon Lèt Konfòmite anvan fen dezyèm ane a.

Ki kote mwen ka jwen plis enfòmasyon sou anpwazonman plon?

<p>Massachusetts Department of Public Health Childhood Lead Poisoning Prevention Program (CLPPP)(Pwogram Prevansyon Anpwazonman Plon Pou Timoun Depatman Sante Piblik Massachusetts) (Pou plis kopi fòmilè sa a, ansanm ak lòt enfòmasyon sou prevansyon anpwazonman plon, dwa lokatè ak responsabilite dapre Lwa Plon MA, kijan pou netwaye pousye ak kal plon, manje sen pou pwoteje timoun w, asistans finansye pou pwopriyetè, eliminasyon plon sekirize ak renovasyon, epi tès pou tè) 1-800-532-9571 or 781-774-6611 www.mass.gov/dph/clppp</p> <p>Massachusetts Department of Labor and Workforce Development (Depatman Travay ak Devlopman Mendèv Massachusetts) (Lis espesyalis plon otorize) 617-626-6960</p>	<p>Pwogram prevansyon plon lokal oswa Depatman Sante lokal w, www.mhoa.com/roster/htm</p> <p>U. S. Consumer Product Safety Commission (Komisyon Etazini pou Sekirite Pwodwi Konsomasyon) (Enfòmasyon sou plon nan pwodwi konsomasyon) 1-800-638-2772 or www.cpsc.gov</p> <p>U.S. Environmental Protection Agency, Region I (Ajans Pwoteksyon Anviwonman, Rejyon I) (Enfòmasyon sou lwa federa sou plon) 617-918-1328 or www.epa.gov/lead</p> <p>National Lead Information Center (Sant Enfòmasyon Nasyonal sou Plon) (Enfòmasyon jeneral sou anpwazonman plon) 1-800-424-LEAD (or 5323)</p>
---	---







## RÈGLEMAN SAN-LAFIMEN

(Adopte a pati 1e Me, 2017)

**1. Objektif.** Objektif Règleman San Lafimen Somerville Housing Authority (SHA) se pou bese iritasyon ak konsekans lafimen lòt moun genyen sou sante pou rezidan yo, envite, travayè kontra ak anlwaye SHA yo. Anplis de sa, politik san lafimen an gen entansyon diminye risk pou dife nan inite SHA yo epi redwi pri antretyen ak netwayaj ki soti nan fimen.

**2. Definisyon Fimen:** Yo defini fimen kòm limen epi boule fèy tabak oswa marigwana tankou (men pa limite a) siga, sigarèt, pip, ak pip dlo (hookah). Mete sou sa, fimen ap genyen ladan li itilizasyon sigarèt elektwonik ak pwodui sanblab ki bay vapè yo rale.

**3. Zòn San-Lafimen:** Apati 1ye septanm 2016, tout bilding ki sou pwopriyete SHA yo pral bilding san lafimen. Tout inite kote yo ap viv ak zòn enteryè yo, ki gen ladan men pa limite a twalèt kominotè, antre, pyès kominotè, sal lesiv, koulwa, eskalye, asansè, Sant Aktivite Mystic, biwo jesyon ak administratif, balkon, antre, koulwa, galri yo defini antanke zòn san-lafimen. Lòt zòn san lafimen yo se pasaj pyeton SHA, gazon ak zòn pakin ki nan distans 25 pye ak fenèt oswa pòt bilding, ak tout lakou rekreyasyon ak teren ki sitiye nenpòt kote sou tout pwopriyete SHA.

Anlwaye Somerville Housing Authority, kontraktè yo, rezidan aktyèl yo, tout envite, ak tout nouvo rezidan Somerville Housing Authority pa sipoze fimen, ni pèmèt pèsonn fimen, nan zòn ki san-lafimen sof ke, malgre dispozisyon ki anwo yo, rezidan yo ak envite yo kapab sèvi ak sigarèt elektwonik ak pwodwi sanblab ki bay vapè anndan lakay yo.

**4. Zòn pou fimen:** Anlwaye Somerville Housing Authority, kontraktè yo, rezidan aktyèl yo, tout envite yo ak tout nouvo rezidan Somerville Housing Authority yo gen pèmision pou fimen sou pwopriyete SHA depi yo depase 25 pye distans ak fenèt bilding yo, pòt bilding yo, lakou rekreyasyon yo ak teren yo. Nan nenpòt devlopman SHA kote pa gen okenn zòn ki depase 25 pye distans ak fenèt bilding lan, pòt, lakou rekreyasyon, lakou timoun, SHA dwe delimite (apre konsiltasyon ak lokatè yo) youn oswa plizyè zòn kote yo ka fimen ki byen klere pou rezidan yo ak envite nan devlopman sa a. SHA ap afiche siy ki endike zòn fimen sa yo. Yo pral pèmèt fimen tou sou twotwa vil la kèlkeswa kantite pye distans ki genyen ak bilding SHA ak lakou rekreyasyon yo.

**5. Rapò pou rezidan yo sispèk vyolasyon:** Si yon rezidan oswa yon anlwaye SHA remake oswa obsève yon vyolasyon règleman sa a, yo ka soumèt yon rapò volontè bay Manadjè Lojman an pi vit posib. Administrasyon an ap chache sous lafimen an epi pran mezi nesèsè.

**6. Pwomosyon Règleman San Lafimen sa a:** SHA a pwal afiche siy pa fimen epi ankouraje règleman sa a nan reyinyon ak diskisyon ak rezidan yo epi fè respekte règleman sa a. Pwal gen enfòmasyon pou sispann fimen ki disponib pou tout rezidan yo ki pwal bay enfòmasyon sou pwogram pou sispann fimen lokal, konsèy sou fason pou kite fimen, ak enfòmasyon sou ki sipò yon moun ka atann nan men founisè asirans yo. Somerville Housing Authority pwal sipòte epi travay avèk konsèy rezidan yo oswa gwoup rezidan yo ki ka vle sèvi ak pyès kominotè yo nan devlopman yo pou òganize gwoup sipò moun ki pa fimen pou rezidan yo. Nouvo rezidan yo pwal resevwa yon kopi règleman san-lafimen epi yo pwal oblije siyen yon anèks kontra san-lafimen nan moman kontra lwaye a. Sa a pwal rete nan dosye rezidan an. Yo pwal bay rezidan aktyèl yo yon kopi Règleman san-lafimen sa a epi yo pwal oblije siyen yon Anèks pou lokasyon san-lafimen anvan 30 jiyè 2018. Yo pral kenbe sa nan dosye rezidan an, epi remèt yon kopi bay rezidan an.



**7. Ranfòsman Kontra Lwaye Règleman San Lafimen:** Chèf Kay la ap siyen yon Anèk Kontra Lwaye epi dakò ke tout manm kay la ak tout envite nan kay la ap respekte Règleman San Lafimen. Chak chèf fanmi ap responsab pou asire ke tout moun nan kay la, vizitè yo ak envite yo respekte Règleman san-lafimen. Yon vyolasyon Anèks Kontra Lwaye San-Lafimen an se yon vyolasyon kontra lwaye a epi yon rezon pou komanse dispozisyon ranfòsman yo. Rezidan ki vyole règleman sa a pwal resevwa yon avètisman vèbal lè premye vyolasyon an; yon avètisman alekri sou dezyèm vyolasyon an; ak yon demann pou yon konferans ak Manadjè Lojman an sou twazyèm vyolasyon an. Atravè tout etap ranfòsman, Manadjè Lojman an pwal pataje resous pou kite fimèn ak rezidan an. Sou katriyèm vyolasyon an, SHA ka kòmanse pwosedi degèpisman, nan ka sa a li pwal remèt Rezidan an yon Avi Konferans Pre-Revokasyon alekri. Rezidan yo dwe gen dwa pou yo depoze yon doleyans dapre règleman sou doleyans SHA a si pwoblèm nan pa rezoud nan satisfaksyon Rezidan an. SHA pwal sèlman pouswiv degèpisman nan tribinal kòm yon dènye rekou.

**8. Somerville Housing Authority/Mèt kay pa yon garanti anviwònman san lafimen.** Desizyon SHA pou yon politik san-lafimen pa rann SHA oswa nenpòt nan manadjè li yo responsab lasante Lokatè a oswa kondisyon san-lafimen anndan inite Lokatè a ak zòn kominotè yo. Sepandan, SHA a dwe pran dispozisyon rezonab pou fè respekte kondisyon san-lafimen nan kontra lwaye li yo epi pou fè zòn ki pa pou fimèn yo san lafimen tout jan sa posib. SHA pwal adrese vyolasyon règleman sa a lè SHA rekonèt vyolasyon fimèn an oswa si yo te remèt SHA yon avi sou vyolasyon an ak prèv.

**9. Limit responsablite Somerville Housing Authority/Mèt kay la.** Desizyon SHA pou yon anviwònman san-lafimen pa pote okenn chanjman nan nivo swen SHA oswa manadjè li yo ta genyen pou kay yon Lokatè pou asire ke bilding ak zòn san-lafimen yo, pi an sekirite, pi abitab, oswa amelyore nan sans kalite lè pase nenpòt lòt lokal yo te ka lwe. SHA espesyalman rejte nenpòt garanti ki souzantann oswa ekspriye ke bilding la, zòn kominotè yo, oswa lokal Lokatè a ap gen okenn nivo lè ki pi bon oswa amelyore pase nenpòt lòt pwopriyete yo te ka lwe. SHA a pa kapab epi li pa garanti oswa pwomèt ke lokal lokasyon an oswa zòn komen yo pwal san lafimen endirèk. Kapasite SHA pou kontwole, veye, oswa fè respekte akò Anèks yo depann an majorite sou volonte Lokatè yo ak envite Lokatè, epi tou tout rezida ak envite nan nenpòt lòt zòn san-lafimen yo. Rezidan ki gen maladi respiratwa, alèji oswa yon kondisyon fizik oswa sikolojik ki gen rapò ak lafimen yo tou avize ke SHA pa pran plis dispozisyon pou aplike Anèks sa a pase nenpòt lòt obligasyon SHA dapre Kontra lwaye a.



## RÈGLEMAN PAKING

Tout veyikil ki estasyon sou pwopriyete Somerville Housing Authority (SHA) dwe genyen yon etikèt pou paking Somerville Housing Authority sou vit devan an anba a gòch. Etikèt paking SHA yo valab sèlman nan devlopman kote rezidan an ap viv la. Machin ki estasyon sou pwopriyete SHA apati 9 p.m. jiska 7 A.M. san yo pa genyen yon etikèt SHA yo ap resevwa yon tikè ak/oswa ap remoke.

Se Manadjè Lojman an ki bay etikèt pèmi pou paking SHA. Sèlman manm fanmi ki otorize nan yon fwaye SHA, epi ki gen yon lisans kondwi ki valab, kapab jwenn yon etikèt paking SHA. *Yo ka bay chak fwaye sèlman de (2) etikèt paking pou chak kay.* Yo ap bay yon dezyèm otorizasyon pakin sèlman pou yon lòt manm nan kay la ki gen yon lisans kondwi valab. *Nenpòt fanmi ki jwenn plis pase de (2) etikèt paking anvan amannman Règleman sa a ap gen dwa kenbe kantite pas kin nan men yo. Si yo ta revoke nenpòt otorizasyon ki anplis, yo pap bay okenn etikèt pou ranplase pou okenn rezon.*

**Rezidan yo oblije bay yon kopi papyè machin yo yo ak lisans kondwi yo chak ane. Si w pa bay enfòmasyon yo mande yo, sa pwal lakòz yo anile etikèt paking w yo.**

Kondisyon pou etikèt pou paking:

- Machin pasaje yo
  - Papyè machin la dwe montre konpayi asirans lan ak adrès rezidan an kòm kote prensipal machin la ap remize.
- Machin lokasyon pou itilizasyon pwovizwa
  - Moun ki otorize nan kay la, sèlman.

*Remak: Otorize SÈLMAN pou dire lokasyon machin la.*

Otorizasyon pa valab pou:

- Veyikil ki pote plak machin komèsyal, ki anrejistre pou sèvis komèsyal oswa ki montre yon non oswa logo biznis yo p ap jwenn yon pèmi paking epi yo pa gen dwa pake sou pwopriyete SHA. *Remak: Yo ka fè eksepsyon pou machin ki pake sou pwopriyete SHA oswa pou yon biznis ki anrejistre sou yon adrès SHA.*

Yo sipoze avize Administrasyon SHA touswit lè yo chanje plak machin yo oswa lè yo achte yon nouvo machin, menm si kay la te deja resevwa yon fich pou paking. **SHA rezève dwa pou revoke etikèt paking la si veyikil la pa anrejistre oswa pa gen asirans, si yon fich rejè enspeksyon depase limit swasant (60) jou oswa si gen plizyè enfraksyon sikilasyon ki komèt sou pwopriyete SHA.**

### PÈMI PWOVIZWA:

Nenpòt rezidan ki achte yon machin apre lè travay regilye yo ka kontakte SHA Public Safety pou yon Pèmi Pwovizwa, ki dwe parèt sou dash machin la. Pèmi a valab jiska dat ekspirasyon ki endike sou pèmi a. Lè yo ekspire, rezidan yo dwe notifiye Manadjè Lojman yo pou yo jwenn yon pèmi oswa etikèt paking ki ajou. Yo ka jwenn pèmi sèlman pou machin ki anrejistre nan adrès SHA oswa pou machin lokasyon yon moun nan kay la ki otorize sèvi avèl.



## **PAKING VIZITÈ:**

Vizitè ki nan yon devlopman apre 9 P.M. yo dwe estasyon nan yon espas ki afiche "PAKING VIZITÈ". Akòz limit espas, se pa tout devlopman ki gen espas ki disponib pou vizitè yo. SHA pa bay pèmi pou vizitè yo, ni onore pankat pou paking vizitè vil Somerville.

## **MIZAJOU SOU PAKIN IJANS LANÈJ/KOMINOTÈ:**

Tout kominikasyon ijans konsènan paking yo ap fèt atravè yon sèvis apèl notifikasyon an mas (ROBO-Call). Pwopriyetè machin yo sipoze bay yon nimewo telefòn ki valab epi yo dwe notifie Manadjè Lojman an sou nenpòt chanjman nimewo telefòn.

Nan ka ta gen yon ijans lanèj oswa move tan, SHA ap fè tout efò posib lè kondisyon yo pèmèt pou avize rezidan yo ak postè avi nan koulwa premye etaj yo ansanm ak sèvis apèl notifikasyon an mas pou avèti rezidan yo sou operasyon retire lanèj.

Apre gwo tanpèt, rezidan yo ta dwe pare pou deplase machin yo nan demen. SHA a rezève opsyon pandan GWO TANPÈT LANÈJ pou mande pou yo deplase machin yo nan yon kote ki netwaye san lanèj pou yo kapab netwaye. Si sa rive, SHA ap avèti rezidan yo atravè sèvis apèl notifikasyon an mas la. Pou anpeche risk remòkaj, li rekòmande pou fwaye yo kenbe yon seri kle rezèv disponib pou kay la oswa ak yon moun yo fè konfyans sizoka chofè prensipal la pa disponib pou deplase machin la. Tout rezidan yo oblije retire lanèj sou machin yo nan lespas 24 èdtan apre fen yon tanpèt pou pèmi paking yo parèt epi pou yo deplase veyikil la si sa nesesè. Anplwaye Sekirite Piblik ak Antretyen SHA **PA OTORIZE** pou netwaye lanèj sou okenn machin. Nenpòt veyikil ki pa netwaye ka resevwa a yon tikè ak/oswa ka remòke.

## **DEPASE 48È:**

Nenpòt veyikil ki rete nan menm espas la pou yon peryòd ki depase 48 èdtan ka sijè a yon tikè ak/oswa remòke. Nan ka yon ijans oswa pou nenpòt lòt rezon valab, yon eksepsyon ka fèt. Tanpri kontakte Manadjè Lojman w la pou w fè yo konnen sikonstans espesyal yo. Machin yo dwe toujou nan bon kondisyon fonksyonman. SHA a pa otorize reparasyon otomobil sou pwopriyete SHA.

## **KONTRAVANSYON PAKING AK PWOSESIS APÈL:**

Somerville Housing Authority te adopte tout kritè kontravansyon Vil Somerville aplike. Sekirite Piblik SHA ak Depatman Lapolis Somerville ka bay tikè paking Vil Somerville. Nenpòt machin ki bloke yon pil fatra oswa aksè nan zòn fèmèn ak liy ponpye yo ap remòke.

Nenpòt rezidan ki resevwa yon kontravansyon paking gen dwa pou fè apèl kont tikè a atravè Depatman Trafik ak Paking Vil Somerville. Anplwaye SHA yo pa gen dwa fè odyans. Si yo bay yon tikè pa erè epi yo poko voye li bay Somerville Traffic and Parking, Sekirite Piblik pral anile tikè a. Tout tikè yo ap peye bay City of Somerville.

## **PWOSESIS PLENT REMÒKAJ:**

Nenpòt rezidan ki santi ke machin yo te remòke pa erè ka kontakte Sekirite Piblik. Si yo te remòke veyikil la pa erè, yo pral remèt li gratis pou rezidan an.

## **ARANJMAN REZONAB:**

Si genyen bezwen pou yon aranjman rezonab, tanpri kontakte Kowòdonatè 504 Somerville Housing Authority nan 617-625-1152. Pou plis enfòmasyon, tanpri al gade Règleman sou Aranjman Rezonab/Modifikasyon Règleman SHA sou sitwèb SHA nan [www.sha-web.org](http://www.sha-web.org).



## ENFÒMASYON KONTAK ENPÒTAN

<b>BIWO SOMERVILLE HOUSING AUTHORITY</b>	
BIWO ADMINISTRASYON MYSTIC (MYSTIC RIVER/CORBETT APARTMENTS/MYSTIC VIEW/PROPERZI) 5 Canal Lane, Somerville, MA 02145	617-625-1152
BIWO ADMINISTRASYON CLARENDON HILL (BRYANT/HAGAN/CLARENDON HILL) 278 Powder House Boulevard Somerville MA 02144	617-666-0425
BIWO ADMINISTRASYON CLARENDON HILL (BRADY/CIAMPA/HIGHLAND/WESTON) 278 Powder House Boulevard Somerville MA 02144	617-666-2117
CAPEN COURT One Capen Court, Somerville, MA 02144	617-629-6872
WATERWORKS 485 Mystic Valley Parkway Somerville, MA 02144	617-625-1152
BIWO SEKIRITE PIBLIK	617-625-1152

<b>KONPAYI REMÒKAJ</b>	
B&B TOWING 50 Mooney Street, Cambridge, MA 02138	617-492-4419

Otorizasyon komite 7.18.2024





## RÈGLEMAN KLE PÈDI

Yon rezidan ki se chèf fanmi oswa yon manm ki gen 18 an oswa plis ka jwenn antre nan apatman yo ak asistans SHA, nsi yo ta bloke deyò apatman yo. Nenpòt manm nan kay la ki poko gen 18 an ki mande aksè nan apatman yo bezwen pèmisyon fòmèl nan men yon paran oswa gadyen rezidan anvan yo jwenn aksè a yo. Si yo pa kapab jwenn pèmisyon, yo ap mennen manm fanmi minè a nan sal kominotè Sant Aktivite Mystic la, oswa biwo Manadjè a pandan lè nòmal travay oswa yo pwal konseye pou kontakte yon zanmi oswa yon manm fanmi yo ka rete avèk yo jiskaske yo ka jwenn pèmisyon gadyen yo. Yo ka aksepte pèmisyon alekri nan men yon paran oswa gadyen yon manm fwaye minè anvan yo mande aksè nan apatman an, dapre sikonstans espesifik la. Si yo pa jwenn pèmisyon anvan li bloke deyò, SHA ap eseye kontakte paran rezidan oswa gadyen dosye a pou jwenn pèmisyon.

### Sèvis bloke deyò pandan lasemèn :

- Lendi-Vandredi nan lè travay nòmal yo 8:00 a.m. rive 10 a.m. ap jere pa Manadjè Lojman nan devlopman lojman an.
- Lendi-Vandredi nan lè travay nòmal 10:00 a.m. rive 4:00 p.m. Depatman Sekirite Piblik ap okipe sa.
- Lendi-Vandredi ant 4:00 p.m. rive 12:30 a.m. Depatman Sekirite Piblik responsab.
- Lendi-Vandredi ant 12:30 a.m. rive 8:00 a.m. ap jere pa anplwaye antretyen ki an sèvis la.

### Sèvis bloke deyò pandan wikenn:

- Wikenn ant 5:00 p.m. epi 12:30 a.m. Depatman Sekirite Piblik ap responsab
- Wikenn ant 12:30 a.m. ak 5:00 p.m. Anplwaye Antretyen an sèvis la ap responsab.

### Frè bloke deyò:

Rezidan ki bezwen sèvis debloke kay yo apre **dezyèm** fwa sa rive yo ap oblije peye yon frè; chak fwa sèvis bloke deyò a travay.

- Lendi-Vandredi apre lè nòmal biznis SHA ant 4:00 p.m. epi 12:30 a.m. yo pwal peye \$37.50.
- Lendi-Vandredi ant 12:30 a.m. ak 8:00 a.m. yo pwal peye \$125.
- Pandan fen semèn nan ant 5:00 p.m. epi 12:30 a.m. yo pwal peye \$37.50.
- Pandan wikenn nan ant 12:30 a.m. ak 5:00 p.m. yo pwal peye \$125.

Otorizasyon Komite 6/20/2024





## RÈGLEMAN AK PWOSEDI POU BÈT KAY

Objektif Règleman Bèt nan kay la (ke nou pwal rele "règleman") se règleman ak direktiv ki tabli pou kontwole "bèt nan kay" nan Somerville Housing Authority (Otorite Lojman Somerville) (SHA). Administrasyon an sipoze apwouve nenpòt bèt sof zwazo nan kalòj ak pwason. Yon bèt sèvis ki antrene espesyalman pou ede yon moun ki gen andikap nan aktivite lavi chak jou li (tankou, yon chen ki gide moun ki gen pwoblèm vizyon oswa moun ki gen pwoblèm tande) pa konsidere tankou yon bèt kay ki bezwen yon otorizasyon pou gade li. Lè yon moun andikape gade bet la an sekirite ak nan pwopete, yo ap konsidere li pami bet ki konte kom bèt kay.

Nan règleman sa a, bèt kay yo gen ladan yo bèt domestik tankou chen, chat, zwazo, amstè, kochondenn, pwason, oswa tòti. Yon makak oswa yon koulèv se yon egzans bèt ki pa "bèt kay" (yo menm yo rele "bèt").

Règleman sa a pap anpeche yon rezidan aje oswa andikape posede oswa kenbe yon bèt kay nan apatman l.

Règleman sa a konsidere antanke yon aneks nan kontra lwaye rezidan an.

### A. sede Bèt:

Pwiske gen anpil timoun ki rete nan pwoje fanmi yo, akòz menas pou sekirite pèsònèl epi kondisyon sanitè, yo pap pèmèt chen nan bilding Mystic oswa Clarendon yo. Bilding pi ansyen yo kenbe dwa pou yo gade yon ti chen an akò ak dispozisyon règleman sa a.

1. Chak bèt nan yon inite lojman dwe gen pèmi epi vaksinen jan Eta a oswa lwa lokal yo egzije. Bèt la dwe sou kontwòl pandan li nan nenpòt zòn piblik nan pwojè a.
2. Chat oswa chen ki nan inite lojman yo dwe chatre epi sètifye an sante pa yon veterinè.

### B. Ka tite ak Gwosè Bèt:

1. Yon rezidan ka sèlman genyen yon (1) bèt. Sepandan, nenpòt rezidan ki te gen plis pase yon chat anvan 15 desanm 1998, ap gen dwa kenbe maksimòm de (2) chat. Se sèl chat ki te la deja ki tonbe anba dispozisyon sa a.
2. Okenn bèt pa sipoze peze plis pase 30 liv. **Bèt ki sèvi pou ede moun ki andikape yo, pa nan limit gwosè sa a.**
3. Nenpòt bèt ki pa yon chat oswa chen sipoze rete nan yon kalòj lè li nan apatman an. Yo pa otorize okenn wonjè eksepte si yo kenbe yo nan kalòj. Akwaryòm pwason ak tòti pa dwe depase 20 galon.

### C. ligasyon Finansye pou Swen Bèt:

1. Chak mèt bèt dwe okipe bèt li chak jou pou kenbel an bon sante, sa gen ladan li vaksinasyon.
2. Domaj nan nenpòt pwopriyete anndan inite lojman an oswa zòn piblik yo ki rezilta dirèk konpòtman yon bèt se responsablite finansye mèt bèt la.
3. Si yon mèt bèt rive nan pwèn li pa ka okipe bèt li chak jou, li ap pran dispozisyon pou fè swen bèt la, swa tanporèman oswa pèmanan, depandan sikonstans endividyèl yo.

Translation and interpretation services are available upon request by appointment only

Sevis tradiksyon ak entèpretasyon disponib si w bezwen

Servicios de traducción e interpretación disponibles, con cita, una vez que lo solicite

Serviço de tradução e interpretação estão disponíveis somente após agendamento



#### **D. Enskripsyon Bèt:**

1. Tout bèt dwe enskri (fòmilè SHA-PF) chak ane pa administratè SHA a. Enskripsyon an dwe gen ladan li enfòmasyon sa yo:
  - a. pou chat ak chen, sètifika vaksen veterinè;
  - b. pou chat ak chen, enfòmasyon pèmi pou gade bèt la;
  - c. Non moun ki pral pran swen bèt la si mèl la mouri oswa sil vin andikape.
  - d. Moun ki otorize pou okipe bèt yo ansanm ak pwopriyetè bèt yo dwe siyen anèks sou règleman bèt kay la (Fòmilè ) ki nan kontra lwaye a epi endike ke yo li Règleman yo epi yo dakò pou respekte yo.
2. SHA ka refize enskri yon bèt si ak rezon SHA konstate ke mèl bèt la, akòz pratik, abitud, oswa kondisyon fizik, pa kapab jere li dapre règleman yo, oswa si konpòtman bèt la montre ke règleman yo pap respekte. SHA ap avèti mèl bèt la alekri nan lespas dis (10) jou travay, si yo ta refize enskri bèt la. Avi a ap eksplike rezon refi a.
3. Yon rezidan ki gen yon bèt ki pa enskri an vyolasyon Règleman an epi yo ap trete li dapre sa ki prevwa nan Seksyon J Règleman an.

#### **E. Règleman pou Kenbe Bèt:**

1. Bèt yo dwe toujou sou kontwòl lè yo pa nan apatman an.
2. Yon bèt pa gen dwa pwonmennen poukont li. Chak bèt dwe toujou gen moun ki ap gade l lè l deyò apatman an.
3. Li entedi pou mare bèt ap tann.
4. Bèt yo pa gen dwa nan okenn zòn piblik anndan sof lè yap antre oswa soti nan aparman an.
5. Bèt yo gen dwa nan zòn piblik deyò a depi bèt la sou kontwòl.

#### **F. Jete Ekskremman Bèt:**

1. Chak pwopriyetè bèt responsab jere dechè bèt li jan sa dwe nan pwòpte san pèdi tan. Yo dwe jete yo nan bagay ki pap koule ni ki pap kite vye lodè chape, epi sa dwe fèt jan SHA preskri pou chak pwojè.
2. Pwopriyetè bèt ki pa okipe dechè bèt li ap peye yon frè netwayaj \$5.00 pou chak enfraksyon. Plizyè ratman nan jesyon dechè bèt la ak/oswa peman frè netwayaj yo se rezon pou degèpisman.

#### **G. Konpòtman Bèt:**

1. Chak pwopriyetè bèt responsab pou konpòtman bèt li ansanm ak kontwòl atitud tankou fè twòp bri, yon jan pou asire lapè nan lokal yo.
2. Si bèt la lakòz pwoblèm oswa domaj, pwopriyetè bèt la ap resevwa yon avètisman pou vyolasyon kontra lwaye a nan men ekip jesyon an. Si pwopriyetè bèt la pa korije sityasyon an oswa kitel repete malgre avètisman, SHA ap gen rezon pou pa kontinye kontra lwaye rezidan an.
3. Nan ka ijans, si gen nesosite swa pou pwoteje bèt la, lòt rezidan yo, envite rezidan yo, oswa ekip travay SHA a, SHA ka retire bèt la lapoula.



4. Chen pa gen dwa rete san siveyans anndan apatman an pou plis pase dis(10) èdtan. Tout lòt bèt pa gen dwa rete san siveyans pou plis pase 24 èdtan.
5. Sizoka bet la ta mòde oswa atake yon lòt moun oswa yon lòt bèt, pwopriyetè bèt la ap sèl responsab pou nenpòt depans ensidan an ta okazyone.
6. Tout bèt dwe antrene pou fè bezwen yo.

#### **H. Bèt Vizitè:**

SHA pa pèmèt bèt an vizit nan okenn apatman pou okenn peryòd tan sof si pèsònèl jesyon an bay yon otorizasyon alavans.

#### **I. Pwosedi Vvolasyon Règleman Bèt:**

Si SHA ta konstate ke yon mèt bèt vyole yon dispozisyon nan Règleman an, yo ap bay li yon avètisman pou vyolasyon kontra lwaye a. Nenpòt pwoblèm ki siyale ki pa korije nan yon delè dis (10) jou, oswa yon vyolasyon ki refet nan lespas sis (6) mwa, ap lakòz degèpisman. Si vyolasyon règleman an pa korije oswa domaj ki fèt pa bèt la pa peye sa ka lakòz bèt la oblije ale epi/oswa kontra lwaye rezidan an vin revoke.

#### **J. Komite Reklamasyon Bèt:**

Yon komite reklamasyon bèt ap tabli pou rezoud konfli ki soti nan règleman bèt SHA a. Komite reklamasyon bèt la ap gen ladanl yon reprezantan SHA, yon reprezantan rezidan, ak yon twazyèm manm ke de manm sa yo dakò sou li. Komite a ap rann yon desizyon alekri ki baze sou opinyon majorite, sou reyalite materyèl yo, epi lwa ak règleman aplikab yo.

Nan ka kote ta gen pouswit an apèl, SHA ap bay rezidan an yon lis enfòmasyon ak pwosesis ki nesèsè pou pouswiv apèl.

*Amande nan dat 21/10/21*



## AVI POU TOUT LOKATÈ YO: ENFÒMASYON SOU VYOLANS DOMESTIK, AGRESYON SÈKSYÈL, VYOLANS NAN RANKONT, AK ASÈLMAN NAN LOJMAN PIBLIK ETA A FINANSE

- **Pwoteksyon pou lokatè yo:**

- Yon lokatè nan lojman piblik eta a finansè an jeneral pa ka degèpi poutèt lokatè a ap sibi oswa te viktim vyolans domestik.
- Apa kèk eksepsyon limite, si yon lokatè viktim vyolans domestik epi li retire abizè a nan inite a, Otorite Lojman Lokal la pa sipoze degèpi lokatè ki pa abizè a/oswa manm fwaye ki rete yo pou domaj, dezòd, oswa lòt vyolasyon kontra lwaye ki te koze pa abizè a.
- Pwoteksyon sa yo aplike tou pou viktim agresyon seksyèl, vyolans nan rankont, ak asèlman.

- **Demann pou chanje seri yo:**

- Lokatè/oswa manm fwaye ki gen rezon pou kwè ke yo anba menas pandye vyolans domestik, vyòl, agresyon seksyèl oswa asèlman nan pwopriyete a genyen dwa tou pou mande LHA chanje seri nan inite lojman yo epi refize bay abizè a kle nouvo seri a. Si LHA pa chanje seri yo nan lespas 2 jou travay, lokatè yo kapab chanje seri yo epi yo dwe an bon fwa remèt yon kle bay LHA nan lespas 2 jou travay an akò avèk lalwa ([Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 186, Seksyon 26](#)).

- **Demann pou demenaje nan yon lòt inite:**

- Lè yon lokatè mande pou demenaje nan yon lòt inite poutèt vyolans domestik, agresyon seksyèl, vyolans nan rankont oswa asèlman, kote demenaje nan yon lòt inite ta ka ede lokatè a rete an sekirite, LHA ka bay yon transfè administratif nan yon inite ki nan bon mezi ke LHA posede nan pòtfèy lojman piblik eta a finansè, depi genyen inite ki disponib.

- **Resous yo:**

- SafeLink (877) 785-2020 oswa <http://www.casamyrna.org/chat> (gen opsyon pou moun ki soud ak moun ki gen pwoblèm pou tande), se liy dirèk pou vyolans domestik nan eta a. SafeLink se yon liy dirèk gratis pou vyolans domestik nan Massachusetts ki bay moun ki rele yon repons 24/7 an Anglè, Panyòl, Pòtigè, ak aksè a tradiksyon nan plis pase 130 lang. Gade tou <http://www.casamyrna.org>.
- Liy Dirèk Nasyonal Vyolans Domestik nan 1-800-799-7233 (1-800-787-3224 (TTY) pou moun ki gen pwoblèm tande).
- Liy Dirèk Nasyonal Abi ak Ensès Rezo Asèlman Sèksyèl nan 800-656-HOPE (oswa vizite liy dirèk sou entènèt la nan <https://ohl.rainn.org/online/>).
- Sant Resous Asèlman Nasyonal Sant pou Viktim Krim nan <https://www.victimsofcrime.org/our-programs/stalking-resource-center>.

1 Tèm "lokatè" an jeneral enkli manm nan kay lokatè a.

# Dwa ak Resous pou Lokatè ak Ansyen Pwopriyetè Kay nan Fen yon Kontra pou Lwaye

Daprè Lwa sou Notifikasyon Estabilite Lojman an (Housing Stability Notification Act), Òdonans Vil Somerville Nimewo 2019-19 ak 2022-06.



Vil Somerville  
Biwo pou Estabilite Lojman



Nou ankouraje ou li tout dokiman ki gen enfòmasyon sa yo.

Gen **2 seksyon** enfòmasyon:

- ▶ *Resous pou Lokatè*
- ▶ *Dwa pou Lokatè*

**Pou ede ou konprann dwa ou** antanke lokatè oswa ansyen pwopriyetè kay epi pou asire ou konnen de pakèt resous ki disponib yo si ou ap fè fas ak degèpisman (eviction), Lwa sou Notifikasyon Estabilite Lojman nan Somerville (Somerville Housing Stability Notification Act, HSNA), ki te antre an vigè an 2019, mande pou moun ki lwe ou kay la oswa pwopriyetè k ap sezi kay la mete ou okouran de lè kontra lwaye ou a oswa lè dwa ou genyen pou ou rete nan kay la rive nan bout li. Chanjman ki te fèt an 2022 nan HSNA yo mande tou pou pwopriyetè yo bay yon avi apa sou dwa ak resous yo nan kòmansman yon nouvo kontra lwaye.

Malgre Vil la pa ka bay konsèy jiridik, Biwo pou Estabilite Lojman nan Somerville la (Office of Housing Stability, OHS) egziste pou bay rezidan yo enfòmasyon, konsèy, ak asistans pou kesyon oswa bezwen yo genyen ki gen rapò ak lojman.

Vizite [somerillema.gov/ohs](http://somerillema.gov/ohs), rele nou nan 617-625-6600, Ekst. 2581, oswa soumèt yon fòm rekòmandasyon nan [bit.ly/Fòm\\_Referans\\_OHS](http://bit.ly/Fòm_Referans_OHS) pou pale ak anplwaye OHS yo. Anplwaye OHS yo pale Anglè, Panyòl, Pòtigè ak Endi epi yo sèvi ak entèprèt nan telefòn pou tout lòt lang yo. (Gade Resous Lokatè yo pou plis enfòmasyon.)

**Sa a se yon avi enpòtan.** Avi sa a disponib sou [somerillema.gov/ohs](http://somerillema.gov/ohs) nan lang Panyòl, Pòtigè, Kreyòl Ayisyen, Nepali, ak Chinwa Tradisyonèl Senplifye. Si ou pale yon lòt lang, tanpri fè tradwi l.

Este es un aviso importante. Este aviso está disponible en los idiomas de español, portugués, criollo haitiano, nepalí, y chino tradicional y simplificado en [somerillema.gov/ohs](http://somerillema.gov/ohs). Si habla otro idioma, por favor solicite que lo traduzcan.

Este é um aviso importante. Este aviso está disponível no [somerillema.gov/ohs](http://somerillema.gov/ohs) em espanhol, português, crioulo haitiano, nepali, e chinês simplificado e tradicional. Se você fala outra língua, por favor traduza.

Sa se yon avi enpòtan. Avi sa ap disponib an Espanyòl, Pòtigè, Kreyòl Ayisyen, Nepali, ak Chinwa Tradisyonèl ak Senplifye nan [somerillema.gov/ohs](http://somerillema.gov/ohs). Si ou pale yon lòt lang, tanpri tradwi li.

यो महत्त्वपूर्ण सूचना हो। यो सूचना [somerillema.gov/ohs](http://somerillema.gov/ohs) मा स्पेनिश, पोर्चुगिज, हाईटियन क्रियोल, नेपाली, र परम्परागत तथा सरलीकृत चिनियाँ भाषामा उपलब्ध छ। यदि तपाईं अर्को भाषा बोल्नुहुन्छ भने कृपया यसलाई अनुवाद गर्नुहोस्।

这是一则重要通知。此通知已翻译成西班牙语、葡萄牙语、海地克里奥尔语、尼泊尔语、繁体中文和简体中文，并可以在 [somerillema.gov/ohs](http://somerillema.gov/ohs) 找到。如果您说另一种语言，请自行翻译。

這是一則重要通知。此通知已翻譯成西班牙語、葡萄牙語、海地克里奧爾語、尼泊爾語、繁體中文和簡體中文，並可以在 [somerillema.gov/ohs](http://somerillema.gov/ohs) 找到。如果您說其他語言，請自行翻譯。

# Resous Lokatè yo

## Èske ou ap fè fas ak degèpisman (eviction)? Nou ka ede. Tout sèvis yo gratis.

Si ou se yon rezidan nan Somerville, ou ka kalifye pou jwenn èd nan men ajans sa yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon an. Limit revni oswa lòt kritè kalifikasyon ka aplike.

### Biwo pou Estabilite Lojman nan Vil Somerville

[somervillema.gov/ohs](http://somervillema.gov/ohs)

Pou gen aksè ak sèvis OHS yo, rele 617-625-6600, Ekst. 2581, oswa voye yon fòm rekòmandasyon nan [bit.ly/Fòm\\_Referans\\_OHS](http://bit.ly/Fòm_Referans_OHS).

Anplwaye OHS yo pale Anglè, Panyòl, Pòtigè ak Endi epi yo sèvi ak entèprèt nan telefòn pou tout lòt lang yo.

#### Sèvis yo gen ladan:

- Konsèy ak enfòmasyon sou pwoblèm lojman
- Ede nan rezoud pwoblèm ki egziste ant pwopriyetè/ lokatè, tankou degèpisman
- Oryantasyon nan sèvis jiridik yo
- Ede nan fè demann asistans pou lwaye
- Ede nan fè demann pou lojman ki ekonomik
- Sansibilizasyon ak edikasyon lokatè yo



### Sèvis Jiridik

Si ou resewva yon Avi pou Kite (premye etap nan yon pwosedi degèpisman), yon konvokasyon ak yon Plent Jiridik, yon Avi 48 èdtan, oswa nenpòt lòt dokiman jiridik ki gen rapò ak lojman ou an, chèche jwenn èd jiridik san pèdi tan. Gen sèvis jiridik gratis ki disponib pou lokatè ki pa antre anpil revni yo ki kalifye pa mwayen ajans yo site la yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo. Kontakte OHS si ou bezwen asistans pou sa.

- **Sèvis Jiridik nan Cambridge ak Somerville (Cambridge Somerville Legal Services)**  
Rele 617-603-2700
- **Sant De Novo pou Jistis ak Reparasyon (De Novo Center for Justice and Healing)**  
Rele 617-661-1010
- **Biwo Èd Jiridik Harvard (Harvard Legal Aid Bureau)** (fèmèn an ete) Rele 617-495-4408

### Asistans pou lwaye

Èske ou bezwen èd pou ou peye lwaye oswa pou fè depans pou demenajman ak enstalasyon? Yon asistans finansye disponib atravè ajans yo site la yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon an. Limit revni oswa lòt kritè kalifikasyon ka aplike.



**Ajans Aksyon Kominotè nan Somerville (Community Action Agency of Somerville, CAAS)**

Aplike nan [caasomerville.org/hap-application](http://caasomerville.org/hap-application) oswa rele 617-623-7370.



**Asosyasyon Sanzabri nan Somerville (Somerville Homeless Coalition, SHC)**

Aplike nan [somervillehomelesscoalition.org/rapid-response](http://somervillehomelesscoalition.org/rapid-response) oswa rele 617-623-6111.



**Lojman Metwopoliten nan Boston (Metro Housing Boston - RAFT)**

Aplike nan [metrohousingboston.org](http://metrohousingboston.org).



## Èske ou bezwen èd pou ou peye lwaye men ou pa sèten ki kote pou ou kòmanse?

Rele 617-625-6600, Ekst. 2581, oswa voye yon fòm rekòmandasyon nan [bit.ly/Fòm\\_Referans\\_OHS](http://bit.ly/Fòm_Referans_OHS).

# Dwa Lokatè yo



## Se sèlman yon **TRIBINAL** ki ka bay lòd pou ou kite kay ou ye a. Sa a se bagay ki pi enpòtan pou ou sonje!

- Si moun ki lwe ou kay la oswa pwopriyetè a di ou oswa si ou resevwa yon avi ki di ou dwe kite kay ou ye a, sa pa vle di ou oblije kite kay la—kit ou gen yon kontra lwaye kit ou pa genyen.
- Ou ka chwazi fè sa, **men ou pa oblije demenaje** anvan dat kontra lwaye a ap fini ki endike nan Avi pou Kite a. Nou **pa** ankouraje ou pou ou annik kite lojman ou an, sitou si ou gen yon kupon oswa yon lòt sibvansyon.
- Gen yon pwosedi jiridik ki dwe swiv pou yo mete ou deyò, epi gen èd finansye ak lòt sipò ki disponib pou eseye anpeche degèpisman an anvan ou ale nan tribinal.
- Si ou resevwa yon avi degèpisman, **mande yon èd jiridik oswa kontakte Biwo pou Establi Lojman an (OHS) san pèdi tan.** (Gade Resous Lokatè yo ak anba a.) Chak ka degèpisman diferan, kidonk tanpri chèche asistans.
- Si ou ka pwouve tribinal la ou te mande èd pou lwaye an ijans epi degèpisman ou an se sèlman paske ou pa peye lwaye akòz difikilte finansye, **Iwa Eta** a ap anpeche yo degèpi ou pandan demann èd pou lwaye ou a annatant. (Gade Resous pou Lokatè yo pou ou konnen ki kote pou ou depoze yon demann, oswa kontakte OHS.)

## Ki kote ou ka jwenn èd pou pwosesis degèpisman an?

- Gade nan Resous Lokatè yo pou jwenn yon lis ajans ki ka ede ou nan ka gen degèpisman ak pwoblèm ki gen rapò ak sa.
- OHS ka oryante lokatè yo ak yon avoka oswa lòt resous ki enpòtan anrapò ak degèpisman tankou asistans pou lwaye. Vizite [somervillema.gov/ohs](https://www.somervillema.gov/ohs), rele nou nan 617-625-6600, Ekst. 2581, oswa soumèt yon fòm rekòmandasyon nan [bit.ly/Fòm\\_Referans\\_OHS](https://bit.ly/Fòm_Referans_OHS) pou pale ak anplwaye OHS yo. Anplwaye OHS yo pale Anglè, Panyòl, Pòtigè ak Endi epi yo sèvi ak entèprèt nan telefòn pou tout lòt lang yo. Gen kèk limit nan revni ak lòt kondisyon kalifikasyon ki nesèsè pou jwenn yon reprezantasyon jiridik.
- Ale nan [MassLegalHelp.org](https://www.masslegalhelp.org) pou plis enfòmasyon sou pwosesis degèpisman an epi pou ou jwenn Repons ansanm ak lòt fòm ou ap bezwen ranpli yo.
- Si ou pa ka jwenn èd jiridik, ale nan [gbls.org/MADE](https://www.gbls.org/MADE) pou jwenn èd pou ou ranpli fòm jiridik ki nesèsè yo.
- Pou jwenn èd pèsònèl pou ranpli fòm yo, kontakte Sant Asistans Jiridik nan Boston (Boston Court Service Center). Pa gen okenn kritè sou revni oswa lòt kritè kalifikasyon, men avoka Sant yo pa bay

sèvis reprezantasyon jiridik. Kounye a, yo bay sèvis yo an pèsòn (nan 24 New Chardon Street, 2<sup>nd</sup> Floor, Boston) Madi ak Jedi (8:30 rive 1:00 ak 2:00 rive 4:30) epi adistans Lendi, Mèkredi, ak Vandredi apati 9:00 rive 12:00 (sou Zoom nan [zoomgov.com/j/1615261140](https://zoomgov.com/j/1615261140) oswa lè ou rele 686-828-7666 epi antre ID reyinyon an 1615261140). Tcheke [mass.gov/guides/housing-court-resources](https://www.mass.gov/guides/housing-court-resources) pou jwenn enfòmasyon ki ajou.



# Dwa Lokatè yo

## Ki etap yo dwe suiv pou fè yon degèpisman epi kisa ou bezwen fè pou ou prepare ou?

Ou ap jwenn anba a etap yo abitye suiv nan ka yon degèpisman nòmal, men chak ka degèpisman endividyèl diferan, kidonk tanpri chèche èd. (Gade Resous Lokatè yo.)

### 1. Avi pou Kite

- Nan pifò ka yo, moun ki lwe ou kay la oswa pwopriyete a ap ba ou yon Avi alekri pou ou Kite. Yo ka remèt ou li nan men, oswa yo ka voye l ba ou pa mwayen yon grefye oswa yon ajan nan lapolis.
- Delè avi a ap varye selon kalite kontra lwaye a ak rezon ki fè y ap mete ou deyò a. Nan pifò ka yo, avi a pral pou 7, 14, oswa 30 jou, oswa yon peryòd lokasyon.
- Si ou resevwa yon Avi pou ou Kite paske ou pa peye lwaye a, **ou gen dwa pou ou peye lajan ou dwe a nan yon delè epi evite yon degèpisman:**
  - ▶ Si ou se yon lokatè volontè (pa gen kontra lwaye pou kounye a), ou gen yon chans pou peye tout kantite lajan ou dwe a pou yon peryòd 12 mwa nan **10 jou** apati dat ou te resevwa Avi pou ou Kite a.
  - ▶ Si ou gen yon kontra lwaye, ou gen yon delè ki pi long (jiska **Dat Repons** tribinal la fikse a) pou peye montan total lwaye ou dwe a plis enterè ak frè tribinal la (jeneralman \$250 jiska \$275).
    - **Kontakte san pèdi** tan ajans yo mansyone nan lis yo pou jwenn èd konsènan aryere lwaye ak asistans jiridik. (Gade Resous Lokatè yo.)

### 2. Plent nan Tribinal

- Si ou pa peye lwaye ou dwe a oswa si y ap mete ou deyò pou yon lòt rezon, epi ou pa demenaje nan fen peryòd delè ki nan Avi pou ou Kite a oswa Avi pou Non Renouvèlman an, moun ki lwe kay la oswa pwopriyete a ka depoze yon plent pou degèpisman nan tribinal.
- Ou ap resevwa yon Konvokasyon nan men tribinal la ak yon Plent. Yon grefye oswa yon ajan nan lapolis dwe remèt ou li nan men OSWA yo ka kite l nan apatman ou ye a epi yo ka voye l nan kourye premye klas.
- Yon plent pou degèpisman nan Somerville ka depoze nan Eastern Housing Court oswa nan Somerville District Court. (N ap mete non tribinal la nan kwen anwo agòch Plent la.)
- Konvokasyon an ak Plent lan p ap bay yon dat jijman. Pou ka ki depoze apre 4 Jen 2023 nan Tribinal Lojman an ak apre 19 Jen 2023 nan Tribinal Distri a, biwo grefye a pral fè pwopriyete kay la konnen dat ak detay sou premye seyans k ap fèt nan tribinal la. Moun ki lwe ou kay la oswa pwopriyete a pral mande yon grefye oswa yon ajan nan lapolis pou remèt ou nan men (oswa pou voye ba ou nan lapòs) yon avi sou premye seyans ki fèt nan tribinal la, ki ba ou yon avi omwen 14 jou anvan dat seyans sa a.
- Premye seyans ki fèt nan tribinal la rele yon “Konferans sou Sitiyasyon Espesyalis nan Lojman” nan Tribinal Lojman an ak yon “Konferans sou Jesyon Ka” nan Tribinal Distri a. **Li ak anpil atansyon tout avi tribinal la voye ba ou yo.**
- Yon fwa moun ki lwe ou kay la oswa pwopriyete a depoze Plent lan nan tribinal la, ou ka fè rechèch sou entènèt nan **MassCourts.org** pou ou konsilte orè ki enpòtan yo ak lòt enfòmasyon sou ka ou a. Ou kapab tou enskri pou resevwa rapèl nan mesaj tèks sou seyans k ap fèt nan tribinal la sou **mass.gov/forms/civil-court-date-text-reminders**.
- Si ou poko fè sa, **kontakte san pèdi** tan ajans yo mansyone nan lis yo pou jwenn èd konsènan aryere lwaye ak asistans jiridik. (Gade Resous Lokatè yo.)



# Dwa Lokatè yo

## 3. Dwa pou Depoze yon Repons ak lòt Dokiman yo

- Ou ta dwe depoze demann ou an nan tribinal la epi bay moun ki lwe ou kay la (oswa avoka li a) yon Repons nan twa (3) jou ouvrab anvan premye seyans nan tribinal la (Konferans sou Sitiyasyon Espesyalis Lojman oswa Konferans sou Jesyon Ka yo) sof si tribinal la te pran yon desizyon ki kontrè ak sa. **Li ak anpil atansyon tout avi tribinal la voye ba ou yo.**
- Repons lan eksplike mwayen pou **defann** oswa **revandikasyon** ki kontrè ou ka prezante kont demann pwopriyetè ou a pou byen li genyen an, dèt sou lwaye, ak nenpòt vyolasyon kontra lwaye a. Revandikasyon ki opoze yo se revandikasyon ou genyen kont pwopriyetè ou a, tankou move sitiyasyon oswa move itilizasyon yon depo sekirite.
- Si ou pa reponn ak Repons lan alè a, ou ka mande tribinal la otorizasyon pou depoze Repons Anreta ak Demann pou Revandikasyon ki Opoze.
- Ou gen dwa tou pou ou depoze oswa prezante Demann pou Dekouvèt (demann enfòmasyon nan men pwopriyetè ou a sou ka a) ak yon Demann Pwosè Devan Jiri a anvan dat limit pou Repons la rive (an jeneral, se 3 jou ouvrab anvan premye seyans nan tribinal la).

Pou plis enfòmasyon sou fòm sa yo, gade **MassLegalHelp.org** oswa **gbls.org/MADE**. Lokatè yo ta dwe jwenn èd jiridik san pèdi tan pou ranpli fòm Repons la ak lòt dokiman yo. (Gade Resous Lokatè yo.)

## 4. Dwa pou Transfere

- Ou gen dwa pou transfere ka yo depoze nan Somerville District Court bay Eastern Housing Court.
- Ou ta dwe pale ak yon avoka pou ou konnen si ou ap transfere ka pou degèpisman ou an. Pou enfòmasyon sou fason pou transfere yon ka ale nan **MassLegalHelp.org**.

## 5. Premye Seyans Tribinal la

- Premye seyans tribinal la se yon Konferans sou Eitati Espesyalis Lojman oswa yon Konferans sou Jesyon Ka ki fèt sou Zoom, nan Telefòn, oswa an pèsòn.
- Si ou bezwen pou tribinal bay yon entèprèt gratis, **kontakte biwo grefyè tribinal la imedyatman.**
- **Si ou pa prezante alè nan konferans lan, y ap konsidere ou “fotif”** (sa vle di, moun ki lwe ou kay la oswa pwopriyetè a pral genyen otomatikman posesyon lojman an ak tout lwaye yo reklame nan Plent la).
- Pandan konferans lan, yo ka bay referans ajans asistans pou lwaye ak medyasyon. Nan Tribinal Lojman, gendwa gen yon pwogram Avoka pou Jounen an pou bay lokatè ak pwopriyetè yon èd limite san yo pa gen pwòp avoka pa yo.
  - ▶ Si yo degèpi ou sèlman paske ou pa peye lwaye a, epi ou pa peye akòz difikilte finansye, epi ou bay prèv ou gen yon demann annatant pou RAFT oswa èd pou lwaye ki menm jan an, tribinal la ta dwe sispann degèpisman an jiskaske yo pran yon desizyon konsènan demann ou an.
- Avèk èd yon medyatè ak/oswa yon avoka oswa poukont yo, pati yo ka siyen yon Akò Jiridik pou trete ka a. **Ou ta dwe fè anpil efò pou ou konprann epi pou ou respekte kondisyon ki nan Akò a, paske li pral prèske enposib pou l anile.** Yon lòt fwa ankò, eseye jwenn asistans jiridik anvan ou siyen.
- Si yo pa rive jwenn yon Akò, tribinal la pral fè pati yo konnen dat ak objektif pwochen seyans lan, ki ta ka yon pwosè, epi li pral fè pati yo konnen dat limit pou yo respekte. **Li ak anpil atansyon tout avi tribinal la voye ba ou yo.**

# Dwa Lokatè yo

## 6. Pwosè

- Si pwoblèm nan pa rezoud nan konferans lan oswa yon lòt fason, pral gen yon pwosè. Toude pati yo dwe ale nan pwosè a. Yon jij (oswa yon jiri) pral pran yon desizyon sou reklamasyon moun ki lwe ou kay la oswa sou reklamasyon pwopriyetè ou a (pou byen an ak lwaye a) epi sou defans ou yo (ak, si yo te soulye yo, reklamasyon ki opoze yo). Nan pifò ka yo, pwosè a pral fèt an pèsòn. Pwosè devan yon jij pral fèt an jeneral 14 jou apre konferans lan, epi yon pwosè devan yon jiri pral fèt nan yon dat ki vrèman pi ta.
  - ▶ Si yo degèpi ou sèlman paske ou pa peye lwaye akòz difikilte finansye epi ou bay prèv ou gen yon demann pou èd lwaye ki annatant, tribinal la ta dwe ranvwaye jijman an jiskaske yo pran yon desizyon konsènan demann ou an.
- Si ou pa prezante nan pwosè a alè, yo pral konsidere ou “fotif” epi ou ap pèdi dwa pou posesyon an otomatikman. Ou ka depoze yon Plent pou Anile Fotif la epi ou ta dwe imedyatman konsilte yon avoka sou pwosesis sa a. (Gade Resous Lokatè yo.)

## 7. Desizyon

- Yon desizyon sou ki moun ki pran posesyon apatman an ak tout lajan yo dwe ta kapab pran atravè yon Akò, pa mwayen jij la oswa jiri a apre jijman an, oswa pa mwayen tribinal la otomatikman, si youn nan pati yo fotif (li pa prezante devan tribinal la).

## 8. Dwa pou Fè Apèl

- Si moun ki lwe ou kay la oswa pwopriyetè a genyen dwa pou pran “posesyon” apatman an, ou gen **10 jou pou ou depoze yon Avi pou Apèl** (si te gen yon pwosè) oswa lòt demann.

## 9. Degèpisman Fizik

- Si moun ki lwe ou kay la oswa pwopriyetè a genyen dwa pou pran “posesyon” apatman an epi pa gen okenn apèl, tribinal la pral bay yon Egzekisyon, ki se dokiman jiridik k ap bay otorizasyon ak yon grefye oswa yon ajan nan lapolis pou mete ou deyò fizikman.
- Grefye a oswa yon ajan nan lapolis dwe ba ou yon avi alekri omwen 48 èdtan alavans parapò ak dat ak lè kote yo pral transfere bagay ou yo nan yon depo ak kadna yo chanje, epi li dwe fè ou konnen ki kote depo a ye ak frè ou dwe peye yo.
- Si ou resevwa yon Avi 48 èdtan, nan kèk ka, ou ka depoze yon Demann pou Kanpe Egzekisyon an, lè ou mande tribinal la pou ranvwaye degèpisman fizik ou a. Ou pral bezwen ajì trè vit, epi desizyon jij la pral depann sou yon pakèt faktè, tankou si degèpisman k ap fèt la se te fòt ou, si te gen yon Akò, epi si ou kapab peye lwaye a. Pou plis enfòmasyon ale nan **MassLegalHelp.org** (Gade Resous Lokatè yo.)

